

Klima ak Sante: Patikil ak Kalite Lè a


Patikil (Particulate Matter) (PM) se yon kalite polisyon nan lè ki gen konpozan likid ak solid ladan ki sòti nan de santèn pwodui chimik. Pifò nan patikil sa yo sòti kòm rezilta aktivite endistriyèl ak echapman gaz motè yo. PM2.5 se tip patikil ki pi piti a ki koze pi gwo risk; ak mwens pase 2.5 mikron yo kapab fasilman antre fon nan zòn poumon yo, sa ki ogmante risk pou kansè nan poumon ak lòt pwoblèm sante grav rezilta.¹

Kalite Lè ak Kansè nan Poumon nan Miami-Dade County

Pandan prensipal faktè risk pou kansè nan poumon kontinye konsantre sou fimen ak ekspozè ak tabak, rechèch montre ke polisyon patikil yo se yon lòt kòz enpòtan tou. Kalite polisyon lè deyò sa a tou afekte plis kominote ki gen nivo ekonomik ki pi ba sitou akòz règleman ak kontwòl emisyon ki limite.

Analiz nou an evalye relasyon ki genyen ant ogmantasyon konsantrasyon PM2.5 ak kantite ka kansè nan poumon a travè diferan zòn resansman (census-designated-places)(CDPs) nan Miami-Dade. Rezilta nou yo (gade Tablo 1) montre ke zòn ki gen nivo PM2.5 ki pi wo yo gen yon ogmantasyon 28% nan kantite ka kansè nan poumon konpare ak zòn ki gen nivo PM2.5 ki pi ba yo (1.28 IRR; $p < .0001$). Analiz nou ajiste pou laj ak estati sosyoekonomik.

Kat ki anba a montre yon gwoup lokal nan Miami-Dade kote nivo PM2.5 yo pi wo e kote gen yon ogmantasyon nan kantite ka kansè nan poumon. Zòn sa a kouvri vil vwazen Homestead, Florida City, ak Leisure City, ak nivo maksimòm PM2.5 yo nan 37.4, 36.5, ak 34 ug/m3, epi pousantaj ka kansè nan poumon yo a 53, 51, ak 57 pa 100,000 moun, respektivman. Sous prensipal emisyon nan rejyon sa a enkli: **A. Gran wout prensipal yo, B. Homestead Air Force Base, ak C. Homestead-Miami Speedway** (gade etikèt ki koresponn sou kat la).



Tablo 1. PM2.5 Konsantrasyon & Pousantaj Kansè nan Poumon

<u>PM2.5 (Quartiles)</u>	<u>Rapò Pousantaj Ensindans (Incidence Rate Ratio) (IRR)</u>
Q1 (15.8-17.1 ug/m3)	Nivo Referans
Q2 (17.2-19.6 ug/m3)	1.137
Q3 (20.4-24.8 ug/m3)	1.178
Q4 (24.9-37.4 ug/m3): Konsantrasyon pa jou relatif ki pi wo	1.283 (Ogmantasyon relatif 28% nan ensindans)


*Sous done: 2015-2019 FCDS (cancer incidence); 2016 EPA (PM2.5)

Pou rete enfòm sou kalite lè nan katye ou a, ou ka vizite kat entèaktif kalite lè EPA nan (<https://gispub.epa.gov/airnow>); si ak lè konsantrasyon yo wo, li rekòmande pou limite tan pase deyò ansanm ak mete yon mask ki byen ajiste epi ki gen bon nivo pwoteksyon.²

Jwenn Aplikasyon
Meteyo (Weather app)
a sou Aparèy Mobil



Desann epi jwenn
seksyon Kalite Lè
(Air Quality) a



Eksplòre Done Kalite Lè pou
rejyon ou a sou aplikasyon
Meteo a oswa Eskane kòd
QR sa a epi ale dirèkteman
nan Sous la: Airnow.gov

1. <https://www.epa.gov/pm-pollution/particulate-matter-pm-basics>
2. <https://molekule.com/blogs/all/what-is-pm-2-5-and-how-can-you-reduce-your-exposure>